

Konsèy pou edikasyon a distans:

Fanmi Elèv Lekòl Elemantè CPS yo (Klas JK - 5)



Avèk biling lekòl yo ki fèmen, nou tout nan Lekòl Piblik Cambridge yo ap travay di pou jwenn fason kreyatif pou nou fè edikasyon a distans gé, angaje, e réyisi pou elèv ki gen tout laj. Men kèk konsèy pou fanmi yo kenbe elèv yo aktif, angaje, e an bònne sante nan kay la.



Etabli yon woutin, épi kenbe 1.

Kreye yon ritm ki komplimente orè fanmi an. Pa mété trop anfaz sou yon orè ki strik pito bati yon orè sou konsistens ki genyen tan pou yo aprann ak kè kontan, amizman, egzèsis, manje, ak dòmi.




Déziyen yon espas pou aprann.

Kité pitit ou a ede deside kijan espas travay lekòl yo pral tabli. Si se yon espas tanporè (tankou yon tab kwizin kote fanmi an manje), ede pitit ou dekore yon bwat oswa yon sak pou konsève aparèy elektwonik yo e lòt materyèl kap ede nan etid yo ou genyen nan kay la. Mete tout materyèl yo nan yon lòt espas ap detèmine fen jounen lekòl a distans yo.



Ofri pitit ou diféran fason yo kapab aprann.

Ede pitit ou a angaje ak diferan aktivite avèk atik ki nan kay la ke yo kapab itilize pou aprann ak eksploré. Si ou gen jwèt kastèt, liv, founiti atizay, ak lòt opsyon ki pa elektwonik nan kay la, enkourage pitit ou a fè yo nan yon pati jounen lekòl la.



Kòmanse chak jou avèk yon plan aksyon.

Tcheke imèl oswa salklas Google pou mesaj kap sòti nan lekòl pitit ou a, pou chèche konen ki lesion ak aktivite ki pwograme pou jounen an. Konstwi yon jounen lekòl ki se apeprè mwatye longè jounen lekòl regilye - apeprè 3 èdtan. Òganize tan an nan diferan blòk aktivite avèk yon ti tan pou repo nan jounen an. Blòk yo pral yon melanj de klas ki dirije avèk pwofesè, klas kote pitit ou ap pran tan pou li aprann pou kont li, klas avèk moune kap bay pitit ou a swen. Sonje byen, se pa tout kals ki ap sou entènèt.



Konekte avèk pwofesè pitit ou a.

Pwofesè yo fè efò pou yo kenbe entèrakson de-fason avèk elèv yo otank posib. Pwofesè yo disponib pou sipòte elèv yo nan tan reyèl chak jou. Gen kèk pwofesè ki pral fè yon klas, òganize yon "Reyinyon Maten" nan Google Rankontre, oswa travay ak elèv yo nan ti group. Gen lòt ki pral rete an kontak pa telefòn, imèl, app a Rapèl, ak lòt fason. Jwenn pwofesè a, direktè lekòl la oswa lyezon pou fanmi yo si ou bezwen èd.



Sòti deyò pou al fè egzèsis.

Eseye ale deyò regilyèman épi jween fason pou pitit ou a rete aktif. Malgré ke lakou rekreyasyon yo fèmen, ou ka toujou ale ma mache oswa monte bisiklèt. Kontinye pratike distans sosyal, rete 6 pye apa de moun ki pa habité nan mim koté avèk ou. Mem lè gen lapli deyò a ou kapab degoudi w lè ou fè kèk ti mouveman andedan kay la.



Pale ak pitit ou.

Aprann nan kay se yon gwo ajisteman pou nou tout, sitou pou timoun ki pi piti yo. Pale ak pitit ou sou eksperyans lap fè pandan lap aprann lè lekòl fèmen. Ede pitit ou simonté nenpòt pè oswa enkyetid ak asirans, ankourajman, épi lwanj paske lap travay di nan moman difisil sa a.



Anmize w!

Moman sa a se pa tan pou nou "travay san rete épi pa gen anmizman". Li pi enpòtan pou pase plis tan ak fanmi an, pou nou jwenn fason kreyatif pounn pase bon moman ansam e pran ti plezi nou ak yonn lòt. Gade video komik, bay blag, jwe jwèt, kwit manje, chante ou byin danse, fè tout sa ki fè fanmi ou pi kontan.